

Enfòmasyon sou Chòk nan Sèvo (Tèt):

Aprè yon chòk nan tèt, se pou ou siveye siy ki ka pran plizyè jou oswa jiska plizyè semèn pou yo parèt apre chòk lan.

Timoun lan ta dwe retounen nan depatman dijans lan, pou wè doktè li osnon rele 911 lamenm si nenpòt nan bagay sa yo ta rive:

Timoun lan

- ◆ Pa kapab leve (**rele 911**)
- ◆ Parèt li gen plis somèy
- ◆ Pa kapab sispann vomi
- ◆ Fè kriz osnon briskeman ap fè rèv je klè oswa fikse yon rega
- ◆ Fè gwo chanjman nan tanperaman li, parèt irite, tris, osnon ajite
- ◆ Di ke li pa kapab wè klè osnon vizyon li twoub oswa li gen doub vizyon
- ◆ Pa pale klè, parèt konfonn, osnon pa konnen kiyès ou ye
- ◆ Genyen san osnon likid klè nan nen oswa nan zòrèy li
- ◆ Genyen plis maltèt osnon kou rèd
- ◆ Nwa zye yo pa menm gwosè
- ◆ Ap bite oswa gen lòt pwoblèm pou li mache
- ◆ Genyen etoudisman

Yon granmoun ta dwe retounen nan depatman dijans lan, pou wè doktè li osnon rele 911 lamenm si li santi nenpòt nan bagay sa yo:

Yon granmoun

- ◆ Gen pwoblèm pou l reponn ti keksyon senp (Ki jou li ye? Sak te pase ou?)
- ◆ Genyen pwoblèm pou li reveye pou kont li
- ◆ Genyen yon maltèt ki vin pi mal menm apre medikaman
- ◆ Genyen chanjman nan konpòtman li osnon nan pèsonalite oswa li pa rekonèt zanmi/fanmi
- ◆ Toujou ap vomi menm apre 8 èdtan li fin pran chòk lan. Osnon li gen vomisman ki koumanse 1 a 2 èdtan apre li fin pran chòk lan
- ◆ Nwa zye yo pa menm gwosè
- ◆ Ap bite oswa gen lòt pwoblèm pou li mache
- ◆ Gen doub vizyon, vizyon twoub, osnon pa fin wè konplètman
- ◆ Pa kapab di mo yo byen, osnon ap repete keksyon yo
- ◆ Fè kriz (malkadi) osnon briskeman ap fè rèv je klè oswa fikse yon rega
- ◆ Genyen san osnon likid klè nan nen osnon nan zòrèy li
- ◆ Genyen etoudisman

Si ou remake ke sentòm yo ap vin pi mal apre chòk lan osnon si ou reponn WI a keksyon sa yo, ou ta dwe pale avè doktè ou pou jwenn èd.

- ✓ Èske gen chanjman nan pèsonalite?
- ✓ Èske moun lan fache san rezon?
- ✓ Èske moun lan pèdi osnon konfonn fasil
- ✓ Èske moun lan plis pwoblèm pou l fè desizyon ke avan?
- ✓ Èske moun lan bay mwens ranman (nan lekòl, travay, spò, sosyal, etc.)?
- ✓ Èske gen pwoblèm pou moun lan panse (memwa, konsantrasyon, aprann, pale, konprann)?

Lè moun ki pran chòk nan tèt ap retounen al travay oswa al lekòl, yo ka santi kèk difikilte ke yo pa panse ki gen rapò ak chòk lan. Daprè lalwa ameriken pou moun ki gen enfimite, yon moun ki gen yon enfimite pa bezwen epi li gen dwa pa vle di patwon li ak travay lan ke li gen enfimite. Men, si li fè patwon an ak travay lan osnon lekòl lan konnen ke li te pran chòk nan tèt, sa kapab evite pou yo mal jije konpòtman moun lan.

Pou plis enfòmasyon, rele Brain Injury Association of Florida Inc. nan 800-992-3442 oswa nan entènèt:

www.biaf.org. Email – info@biaf.org